# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ worayli’q saylaw komissiyasi’ haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n Ni’zami’

**1-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ huqi’qi’y statusi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Worayli’q saylaw komissiyasi’ (bunnan bi’lay Worayli’q saylaw komissiyasi’) Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine saylawdi’, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ referendumi’n sho’lkemlestiriw ha’m wo’tkeriw ushi’n du’ziledi ja’ne wo’z jumi’si’n turaqli’ tiykarda a’melge asi’radi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ wo’z jumi’si’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’n, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ saylaw ha’m referendum haqqi’ndag’i’ ni’zamlari’n ja’ne basqa da ni’zam aktlerin basshi’li’qqa aladi’.

**2-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ principleri.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ principleri ni’zamli’li’q, kollegialli’q, ja’riyali’li’q, g’a’rezsizlik, a’dillikten ibarat boli’p tabi’ladi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ wo’zinin’ pu’tkil jumi’si’ menen saylaw sistemasi’ni’n’ demokratiyali’q principlerin a’melge asi’ri’wg’a ja’rdem yetiwge, saylawshi’lardi’n’ yerk-i’qrari’n yerkin bildiriw mu’mkinshiligin ta’miyinlewi tiyis.

**3-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’n du’ziw.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen komissiyani’n’ keminde won jeti ag’zasi’ qurami’nda du’ziledi.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ag’zalari’ xali’q deputatlari’ rayonli’q ha’m qalali’q Ken’eslerinin’ usi’ni’si’ boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ basli’g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ usi’ni’si’ menen komissiya ag’zalari’ arasi’nan woni’n’ ma’jilisinde saylanadi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ wa’killikleri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ ta’repinen toqtati’li’wi’ mu’mkin.

**4-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’nda ag’zali’q.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ag’zasi’ basqa saylaw komissiyasi’ni’n’ yamasa siyasiy partiyani’n’ ag’zasi’ boli’wi’ mu’mkin yemes.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ag’zasi’ ni’zam menen belgilengen ta’rtipte Joqarg’i’ Ken’es deputatli’g’i’na kandidat yamasa deputatli’qqa kandidatti’n’ isenimli wa’kili si’pati’nda dizimge ali’ng’an jag’dayda, Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ qurami’nan shi’qqan boli’p yesaplanadi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ ag’zalari’ni’n’ wa’killikleri to’mendegi jag’daylarda tikkeley Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen yaki woni’ ag’zali’qqa usi’ng’an uyi’mni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha toqtati’li’wi’ mu’mkin:
- wol belgilenegen ta’rtipte aqi’li’-zayi’l dep tabi’lg’an jag’dayda;
- sudti’n’ wol jo’nindegi ayi’plaw hu’kimi ni’zamli’ ku’shine kirgen jag’dayda;
- wol wo’zine ju’klengen wazi’ypalardi’ turaqli’ tu’rde wori’nlay almag’an jag’dayda.
Woryli’q saylaw komissiyasi’ ag’zasi’ni’n’ wa’killikleri Joqarg’i’ Ken’es sessiyalari’ arali’g’i’ndag’i’ da’wirde Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ ta’repinen toqtati’li’wi’ mu’mkin. Qabi’l yetilgen sheshim son’i’n-ala Joqarg’i’ Ken’estin’ tasti’yi’qlaw sha’rti menen toqtati’li’wi’ mu’mkin.
Za’ru’r bolg’an jag’dayda Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ jan’a ag’zasi’ usi’ ni’zamni’n’ q-statyasi’nda belgilengen ta’rtipte tasti’yi’qlanadi’.

**5-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ wa’killikleri.
Worayli’q saylaw komissiyasi’:
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatlari’n saylawdi’ ha’m referendumdi’ wo’tkeriw ushi’n du’ziletug’i’n saylaw komissiyalari’ni’n’ sistemasi’na basshi’li’q yetedi, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ pu’tkil aymag’i’nda saylaw ha’m referendum haqqi’nda ni’zamlardi’n’ wori’nlani’wi’n qadag’alawdi’ a’melge asi’radi’, wolardi’n’ bir qi’yli’ qollani’li’wi’n ta’miyinleydi;
saylaw komissiyalari’ni’n’ jumi’slari’n metodikali’q ta’miyinlewdi a’melge asi’radi’, wo’z wa’killikleri sheginde qararlar saylaw ha’m referendumdi’ sho’lkemlestiriw ma’seleleri boyi’nsha instrukciyalar shi’g’aradi’ ha’m tu’sinikler beredi, qabi’l yetedi;
saylaw wokruglerin du’zedi, wolarg’a atamalar ha’m nomerler beredi, wolardi’n’ shegaralari’n ha’m saylawshi’lardi’n’ sani’n ko’rsetiw menen wokruglerdin’ dizimlerin ja’riyalaydi’;
okruglik saylaw komissiyalari’n du’zedi ha’m wolardi’n’ ma’kan jayi’ haqqi’nda mag’li’wmatlar ja’riyalaydi’;
saylaw komissiyalari’ni’n’ wo’zgerisler kirgiziwdin’ ta’rtibin belgileydi;
eger wokruglik saylaw komissiyasi’ni’n’ sheshimlerin saylaw ha’m referendum haqqi’ndag’i’ ni’zamlarg’a qarama-qarsi’ kelgen jag’dayda wo’z betinshe yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ usi’ni’si’ boyi’nsha biykarlaydi’;
saylawg’a ha’m referendumg’a tayarli’q ko’riw ha’m wolardi’ wo’tkeriw boyi’nsha shi’g’i’nlar smetasi’n islep shi’g’adi’ ha’m tasti’yi’qlaydi’, saylaw komissiyalari’ ha’m referendum wo’tkeriw komissiyalari’ boyi’nsha aqsha qarji’lari’n bo’listiredi, wolardi’ paydalani’w ta’rtibin belgileydi, saylaw komissiyalari’ni’n’ ha’m referendumdi’ wo’tkriw boyi’nsha komissiyalardi’n’ imaratlar, transport ha’m baylani’s qurallari’ menen ta’miyinleniwin qadag’alaydi’, saylawdi’ ha’m referendumdi’ materialli’q-texnikali’q ta’miyinlewdin’ basqada ma’selelerin qarap shi’g’adi’;
siyasiy partiyalardan, baspaso’z, televidenie, radio wa’killiklerinen baqlawshi’lar ushi’n gu’wali’q u’lgisin belgileydi;
usi’ni’lg’an hu’jjetler tiykari’nda siyasiy partiyalarg’a saylawg’a qatnasi’wi’ ushi’n ruxsat yetiw sheshim qabi’l yetedi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatli’g’i’na kandidatlardi’ usi’ng’an siyasiy partiyalardan tiyisli hu’jjetlerdi qabi’l yetip aladi’;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatli’g’i’na kandidatlardi’ dizimge aladi’ ha’m usi’ dizimlerdi baspaso’zde ja’riyalaydi’;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatli’g’i’na kandidatlar ushi’n saylawda qatnasi’wi’nda ten’dey sharayatlardi’ ta’miyinleydi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatli’g’i’na saylaw boyi’nsha, saylaw byulletenlerinin’, referendumda dawi’s beriw ushi’n byulletennin’, saylawshi’lardi’n’ ha’m referendumda qatnasi’w huqi’qi’na iye puxaralardi’n’ dizimlerinin’, qol qoyi’w qag’azlari’ni’n’, saylaw komissiyalari’ni’n’ referendumdi’ wo’tkeriw boyi’nsha komissiyalardi’n’ protokollari’ni’n’ u’lgilerin ha’m tu’rlerin, dawi’s beriw ushi’n quti’lardi’n’ ha’m saylaw komissiyalari’ni’n’, referendumdi’ wo’tkeriw boyi’nsha komissiyalardi’n’ mo’rlerinin’ u’lgilerin, hu’jjetlerdi saqlaw ta’rtibin belgileydi;
saylawdi’n’ ha’m referendumni’n’ juwmaqlari’n shi’g’aradi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ boyi’nsha dawi’s beriwdin’ na’tiyjelerin ani’qlaydi’ ha’m baspaso’zde saylawshi’lardi’n’ yamasa referendumg’a qatnasi’w huqi’qi’na iye puqaralardi’n’ dawi’s beriwge qatnasqanlardi’n’, ha’r bir kandidatti’ jaqlap berilgen dawi’slardi’n’ sani’, referendumg’a shi’g’ari’lg’an ma’seleni jaqlap yamasa wog’an qarsi’ berilgen dawi’slardi’n’ sani’

haqqi’nda bildiriwdi baspaso’zde ja’riyalaydi’;
ni’zamlarda na’zerde tuti’lg’an jag’dayda qayta dawi’s beriwdi, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatli’g’i’na qayta saylaw ha’m bosap qalg’an wori’nlarg’a saylaw wo’tkeriliwin sho’lkemlestiredi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine saylang’an deputatlari’n dizimge aladi’, sonday-aq wolardi’n’ dizimin baspaso’zde ja’riyalaydi’;
saylawdan son’ ni’zamda belgilengen ta’rtipte Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ birinshi ma’jilisin shaqi’radi’;
saylang’an Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputati’na gu’wali’g’i’n ha’m wo’n’irge tag’atug’i’n belgisin beredi;
saylaw komissiyalari’ni’n’ sheshimleri ha’mde ha’reketleri u’stinen kelip tu’sken arza ha’m shag’i’mlardi’ qarap shi’g’adi’ ja’ne wolar boyi’nsha sheshimler qabi’l yetedi;
Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ saylaw haqqi’ndag’i’, sonday-aq Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ referendum ni’zamlari’ ji’nayi’ juwapkershilikke tarti’wg’a sebep bolatug’i’n da’rejede buzi’li’wi’na baylani’sli’ materiallardi’ prokuratura uyi’mlari’na wo’tkeredi;
saylawdi’ ha’m referendumdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde woni’ wo’tkeriw menen baylani’sli’ hu’jjetlerdin’ arxivke tapsi’ri’li’wi’n ta’miyinleydi;
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ Reglamentin tasti’yi’qlaydi’;
Ni’zamlarg’a muwapi’q basqada wa’killiklerdi a’melge asi’radi’;

**6-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ basli’g’i’ni’n’ wa’killikleri.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ basli’g’i’:
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ jumi’si’na basshi’li’qti’ a’melge asi’radi’;
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ma’jilislerin shaqi’radi’, wolarg’a basshi’li’q yetedi, komissiya ag’zalari’ arasi’nda wazi’ypalardi’ bo’listiredi;
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ma’jilislerinde qatnasi’w ushi’n ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, siyasiy partiyalardi’n’ ha’m ja’miyetlik birlespelerdin’, sho’lkemlerdin’ wa’killerin ha’m basqa da lawazi’mli’ adamlardi’ shaqi’radi’;
ma’mleketlik uyi’mlar, ja’miyetlik sho’lkemler menen qatnasi’qlarda Worayli’q saylaw komissiyasi’ ati’nan ha’reket yetedi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine saylawdi’n’, sonday-aq referendumni’n’ juwmaqlari’ haqqi’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine ma’limleme beredi;
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ birinshi ma’jilisin ashadi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ saylang’ang’a shekem ma’jiliske basshi’li’q yetedi;
usi’ Ni’zamg’a ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ basqada ni’zamlari’nda na’zerde tuti’lg’an basqa wa’killiklerdi a’melge asi’radi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ basli’g’i’ wo’z wa’killiklerin wori’nlaw mu’mkin bolmay qalg’anda, sonday-aq woni’n’ joqli’g’i’ payi’ti’nda basli’qti’n’ wazi’ypalari’ basli’qti’n’ wori’nbasari’na yamasa Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ sheshimi boyi’nsha Worayli’q saylaw komissiyasi’ ag’zalari’ni’n’ birine ju’klenedi.

**7-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ma’jilisi.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ jumi’si’ni’n’ sho’lkemlestiriw formasi’ woni’n’ ma’jilisleri boli’p tabi’ladi’, wolar za’ru’rligine qaray wo’tkeriledi.
Komissiya ag’zalari’ uli’wma sani’ni’n’ keminde u’shten yekisi qatnassa ma’jilis toli’q huqi’qli’ boli’p yesaplanadi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ sheshimleri ashi’q dawi’s beriw arqali’, komissiya ag’zalari’ uli’wma sani’ni’n’ a’piwayi’ ko’pshilik dawi’si’ menen qabi’l yetiledi. Dawi’slar ten’dey boli’p bo’lingen jag’dayda Worayli’q saylaw komissiyasi’ basli’g’i’ni’n’ dawi’si’ sheshiwshi boli’p tabi’ladi’.

**8-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ ma’jilisinin’ protokoli’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ma’jilislerinde protokol ju’rgiziledi, wog’an ma’jiliske basshi’li’q yetiwshi ha’m protokol ali’p bari’wshi’ qol qoyadi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ ag’zalari’ ayri’qsha pikir bildiriwge haqi’li’, wol jazba tu’rde protokolg’a qosa tigiledi.

**9-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ qararlari’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ wo’z wa’killikleri sheklerinde qararlar qabi’l yetedi, wolarg’a basli’q qol qoyadi’ ha’m wolar baspa so’zde ja’riyalanadi’.

**10-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ qararlari’ni’n’ minnetliligi.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ wo’z wa’killikleri sheklerinde qabi’l yetken qararlari’ wokruglik ha’m uchastkali’q saylaw komissiyalari’ ha’m referendumdi’ wo’tkeriw boyi’nsha komissiyalar ushi’n, ma’mleketlik uyi’mlar, siyasiy partiyalar ha’m basqada ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemler, ka’rxanalar, ma’kemeler ha’m sho’lkemler ushi’n minnetli boladi’.

**11-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ murajatlari’n qarap shi’g’i’w.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ saylawg’a yamasa referendumg’a tayarli’q ha’m wolardi’ wo’tkeriwge baylani’sli’ ma’seleler boyi’nsha ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemler, ka’rxanalardi’n’, ma’kemelerdin’ ha’m sho’lkemlerdin’ basshi’lari’na, basqa da lawazi’mli’ adamlarg’a murajat yetiwge haqi’li’, wolar ma’seleni qarap shi’g’i’wg’a ha’m u’sh ku’n ishinde juwap beriwge minnetli.

**12-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ qararlari’na baylani’sli’ shag’i’m yetiw.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ qararlari’na baylani’sli’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Puqarali’q isler boyi’nsha Joqarg’i’ sudi’na yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ji’nayat isleri boyi’nsha Joqarg’i’ sudi’na shag’i’m yetiliwi mu’mkin. Shag’i’m kelip tu’skennen keyin u’sh ku’n ishinde, al yeger saylawg’a yamasa referendumg’a deyin alti’ ku’nnen az qalg’an bolsa – toqtawsi’z tu’rde qarap shi’g’i’li’wi’ tiyis.

**13-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ sekretariati’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ jumi’si’n ta’miyinlew ushi’n woni’n’ sekretariati’ du’ziledi.
Sekretariatti’n’ strukturasi’, shtatlari’ ha’m woni’n’ jumi’s islew ta’rtibi Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ basli’g’i’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.

**14-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ reglamenti.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ jumi’s ta’rtibi woni’n’ reglamenti menen belgilenedi.

**15-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’n qarji’li’ndi’ri’w.
Worayli’q saylaw komissiyasi’n qarji’landi’ri’w ma’mleketlik qarji’lar yesabi’nan a’melge asi’ri’ladi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik byudjetin tasti’yi’qlag’anda na’zerde tuti’ladi’.

**16-statya.** Worayli’q saylaw komissiyasi’ni’n’ mo’ri.
Worayli’q saylaw komissiyasi’  Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ma’mleketlik gerbi sa’wlelengen ha’m wo’z atamasi’ jazi’lg’an mo’rge iye boladi’.
Worayli’q saylaw komissiyasi’ yuridikali’q ta’rep boli’p tabi’ladi’.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*